

SS.7.C.1.7

Dekri kouman Konstitisyon an limite Pouvw gouvènman an nan separasyon pouvw e kontròl ak balans.

Sant pou Edikasyon Sivik (Center for Civic Education) te adopte materyèl nan resous ke yo te devlope.

SS.7.C.1.7 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4: Elèv yo ap kapab rekonèt egzanp sou separasyon pouvw yo e kontwòl ak balans yo.

Nan yon sistèm **separasyon pouvw**, se pa a nenpòt yon sèl branch yo bay pouvw gouvènman an. Olye de sa, yo bay chak branch anpe nan pouvw yo. Branch lejislatif la gen pouvw pou yo kreye nouvo lwa, branch egzekitif la gen pouvw pou egzekite e fè respekte lalwa, ak branch jidisyè a gen pouvw pou entèprete lwa yo.

Chak branch nan gouvènman an ka kontwole pouvw lòt branch yo. Branch egzekitif la ka **veto** lwa kongrè a pase, nonmen sèten gouvènman ofisyèl ak jij nan Lakou Siprèm, ak pwopoze nouvo lejislasyon. Prezidan an ka fè trete, men Sena a dwe ratifye trete yo.

Branch lejislatif la ka **akize** (Chanm Depite yo) ak kondane (Sena a) prezidan an, lòt manm nan branch egzekitif la, ak jij federal yo. Kongrè ka pase lwa sou veto prezidan an a yon de tyè (2/3) majorite vòt nan tou de chanm yo (Sena a ak Chanm Repezantan yo). Branch lejislatif la ka rejte randevou travay (seleksyon) prezidan an te fè. Yo ka pwopoze tou amannman a Konstitisyon Etazini an.

Branch jidisyè a (tribinal yo) ka decide ke aksyon branch egzekitif la ak lwa ke Kongrè pase yo pa konstitisyonèl. Sa a rele pouvw **revizyon jidisyè**. Revizyon jidisyè a se yon kontwòl ki enpòtan sou branch lejislatif ak egzekitif la. Ka Lakou Siprèm lan ki te etabli pouvw revizyon jidisyè se **Marbury vs. Madison**.

Sistèm pataj pouvw sa a te eple nan Konstitisyon Etazini an pou asire ke gouvènman an limite pou anpeche gouvènman an abize pouvw li.

akize – pou pote akizasyon fòmèl pou mechanste kont yon ofisyè piblik (tankou Prezidan Etazini an)

Marbury vs. Madison – Ka Lakou Siprèm Etazini an ki te etabli revizyon jidisyè

ratifye – eksprime konsantman pou confime; fòmèlman apwouve

revizyon jidisyè – pouvw branch jidisyè a pou revize aksyon branch egzekitif ak lejislatif la ak detèmine si wi ou non yo konstitisyonèl (enlki lwa Kongrè a pase); ka Lakou Siprèm Etazini Marbury vs. Madison te etabli pouvw sa a

separasyon pouvw – estrikti gouvènman federal la, dapre Konstitisyon Etazini an, ki mete anplas twa branch avèk pwòp pouvw distenk yo ak responsablite yo

veto – desizyon otorite egzekitif tankou yon prezidan oswa gouvènè pou rejte yon lwa branch lejislatif la te pase

Sous: Quigley, C., & Rodriguez, K. *We the People: The Citizen and the Constitution*. Calabasas, CA: Center for Civic Education, 2007. Print.